



Osiyè de HCSF

Kòm patnè prefere pou planifikasyon stratejik ki baze nan kominote Miami-Dade ak Monroe County yo, Health Council of South Florida pran angajman pou yo ranfòse epi ede moun avèk nouvo lwa asirans abòdab la.

Misyon

Misyon nou se pou nou se sous done sou sante ak kalite lavi moun ap Mennen, epi analize done sa yo, pou nou se patnè prefere pou planifikasyon program de kalite, jesyon, evaliyasyon, ak sèvis kominote; pou nou fasilite kolaborasyon nan Miami-Dade ak Monroe County yo; epi pou yo konsidere nou kòm champyon pou règleman sante o nivo lokal, e nasyonal.

Vizyon

Pou nou se òganizasyon de chwa ki ankouraje entegrasyon, kolaborasyon ak angajman pou amelyore sante ak sou byenèt moun nan kominote nou sèvi a.

Pou plis enfòmasyon sou HCSF lan, souple rele nou nan 305-592-1452 oswa vizite nou sou sit entènèt sa:

www.miamidadematters.org/ACA

Pou plis enfòmasyon sou nou, pwogram asirans abòdab nan oswa Mache asirans nan, pran yon randevou ak youn nan konseye sètifye nou yo, oswa kontakte nou nan nimewo sa a (305) 592-1452.

Supported by:



**Allegany
Franciscan
Ministries**

Health Council of South Florida, Inc.
8095 NW 12 Street, Suite 300
Miami, FL 33126
P: 305-592-1452 | F: 305-592-0589
www.healthcouncil.org

**MACHE
ASIRANS SANTE
AVÈK OU**



Timoun



Kiyès Ki Kalifye?

Si pitit ou bezwen asirans sante, yo ka elijib pou pwogram asirans sante (CHIP). Nan eta Florid, CHIP se pwogram KidCare Florid lan. Si ou kalifye pou KidCare, ou pa bezwen achte yon plan sou Mache a.

Nòt: Si ou nan peyi Etazini pou mwens ke 5 an, ou ka toujou revize opsyon ou sou mache asirans sante a paske KidCare Florid pa disponib pou rezidan Florid ki rezide nan eta a pou mwen ke 5 an.

Enfòmasyon Nesesè sou Florida KidCare

Dapre Florida KidCare, eta Florid ofri asirans pou timoun yo depi nan vant manman rive laj 18 an, menm si se yon sèl oubyen tou de paran k'ap travay. Sèvis ke KidCare Florid kouvri yo:

- Vizit kay doktè
- Konsiltasyon nan klinik
- Lopital
- Operasyon
- Medikaman
- Ka ijans
- Dan, je ak zòrèy
- Sante mantal

Benefis Asirans Sante

Pa gen moun ki planifye pou yo malad oswa pou yo blese, men pi fò moun ap bezwen doktè ak medsen on jou nan lavi yo kan mèm. Asirans ede moun peye pou frè sa yo, epi li ka pwoteje ou de depans ki twò wo lè ou al lopital oswa vizite doktè.

Plan asirans sante ke ou ka jwen sou sit nan (ak plan ou ka jwen lòt kote) ofri ou sèvis prevansyon, tankou vaksinasyon ak konsiltasyon. Yo menm ap peye on pati medikaman ke doktè preskri ou yo.

KidCare Elijibilite

Florida KidCare se pou timoun, pa granmoun yo. Pou kalifye pou plan yo, yon timoun dwe:

- Anba laj 19 an
- Se pou pa gen asirans sante
- Ranpli kondisyon elijibilite pou revni
- Fòk li sitwayen Ameriken oswa yon moun kalifye ki pa sitwayen
- Pa elijib pou Medicaid
- Pa rete nan yon enstitisyon piblik
- Viv Ozetazini pou 5 an ou plis

Pou konnen plis sou pwogram Florida KidCare vizite www.floridahealth.gov oswa rele **1-888-540-5437** pou plis enfòmasyon sou kalifikasyon ak pri plan yo.

Dokiman Wap Bezwen

Se sa yo enfòmasyon yo mande yo lè y ap aplike pou Florida KidCare:

- Papye tax fanmi ou ki pi resan
- Fòm W-2
- Souch chèk aktyèl ou
- Nimewo Sekirite Sosyal pou pitit ou yo
- Prèv sitwayènte ak idantite

Dat limit enpòtan

Mache Asirans nan ap gen on peryòd anrolman pou 2014-2015 kap ouvri le **15 Novanm 2014** epi lap fèmen **15 Fevriye, 2015**.

Enskripsyon pou Pwogram Florida KidCare ouvè pandan tout ane a. Kouvèti kòmanse apre yo detèmine kalifikasyon pitit nan epi ou peye premye mwa si li nesèsè.

Kontak

Pou plis enfòmasyon, vizite sit sa www.healthcare.gov oswa rele 1-800-318-2596.

Rezidan Miami-Dade County yo ka vizite sit **Miami Matters** la: www.miamidadematters.org/ACA.

www.miamidadematters.org/ACA.

